



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 840 POU SAN OGMANTASYON NAN KONTRAVANSYON POU TÈKS PANDAN CHOFÈ YAP KONDWI DEPI 2011

Lapolis Eta ak Lapolis Lokal ap ranfòse sou kondwi distrè ak operasyon Rakwoche apati 8 jiska 13 Avril

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke efò eta ak lapolis lokal te lakoz nan yon ogmantasyon 840 pousan kontravasyon pou tèks pandan yap kondwi nan Eta New York depi 2011. Pandanke kantite kontravasyon telefòn selilè te diminye chak ane depi 2011, kontravasyon ke yo te bay pou tèks pandan menm peryòd la te ogmante konsiderableman avèk pwopagasyon smartphones yo.

Anons lan te fèt ankonjonksyon avèk Mwa Sansibilizasyon sou Kondwi Distrè ak Operasyon Rakwoche, yon represyon wo-vizibilite ki te kowòdone pa [Komite Sekirite Trafik Gouvènè a](#) e li sipòte pa lapolis Eta New York ak Lapolis lokal, sa kap fèt apati 8 Avril jiska 13 Avril.

“Pap gen tolerans pou kondwi distrè e Lapolis Eta ap soti anfòs pou redwi sou konpòtman danjere sa,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou kenbe zye nou sou wout la ak men nou sou volan nou ka ede anpeche trajedi initil epi fè New York vini pi ansekirite.”

Gouvènè Cuomo te fè lit tèks-pandan-wap kondwi yon gwo priyorite. Nan 2011, li te mande DMV pou mete sou pye règleman pou ogmante yon kantite pwen pou yon enfraksyon voye tèks pandan yap kondwi ki pase de pwen a twa pwen, e apati twa pwen pou rive a senk pwen nan 2015. Gouvènè a te siyen tou yon [lwa](#) ki ogmante penalite konsiderableman pou pwobasyon ak jèn chofè yo ki kondane akòz ke yap tèks pandan yap kondwi. Daprè lwa a, chofè ki sou pwobasyon ak jèn chofè yo ka gen yon sispanasyon 120 jou pou yon premye deli, epi yo ka pèdi lisans yo pandan yon lane si dezyèm deli a komèt nan sis mwa. Chofè yo pran kap voye tèks epi kondwi pral peye yon amann \$450 dola ak senk pwen sou lisans yo.

Chif preliminè pou 2015 deja montre ke kantite kontravasyon ke Lapolis Eta ak ajans ranfòsman lalwa akòz tèks te ogmante nan 2014, e yo te ogmante konsiderableman chak ane depi 2011.

Kontravasyon ke Lapolis Eta ak	2011	2012	2013	2014	2015
--------------------------------	------	------	------	------	------

Lokal te bay					
Kontravansyon pou telefòn selilè	248,540	217,192	208,472	165,087	132,028
Kontravansyon pou tèks	9,015	30,307	55,692	76,212	84,720
Total kontravansyon pou kondwi distrè (selilè ak mesaj tèks konbine)	257,555	247,499	264,164	241,299	216,748

Wap jwenn yon lis konplè kontravansyon ke lapolis eta ak lokal te bay pou kondwi distrè (alafwa pou telefòn selilè ak tèks) nan 2014 ak 2015 e ou ka jwenn li pa konte [la](#).

Prezidan pa Entèrim GTSC ak Komisyonè Egzekitif Adjwen DMV Terri Egan te deklare, “Okenn mesaj tèks pa vo yon vi. Non sèlman otomobilis yo k ap tèks oswa itilize telefòn pòtab yo pandan yap kondwi, ap mete lavi yo a risk, yap mete lavi tout moun ki sou wout la andanje. Li enpòtan pou chofè yo mete telefòn selilè yo yon kote chak fwa yo dèyè volan an. Travay ansanm, nou ka prevni trajedi sou wout nou yo lè nou pa kite telefòn selilè nou yo distrè nou pandan nap kondwi.”

Sipè-Entandan Lapolis Eta New York la, Joseph A. D’Amico te deklare, “Kondwi Distrè osi danjere ke vitès oswa kondwi afebli epi kontinye pou l yon faktè kontribisyon kap kondwi nan aksidan veyikil. Chak ane, gen trajedi initil ak viktim ki rete dèyè si chak moun te ka mete aparèy pòtab alamen yo yon kote pandan yap kondwi. Chofè yo ta dwe konnen ke yo pa pral tolere kalite konpòtman sa. Grasa edikasyon kontinyèl ak ranfòsman, lapolis Eta ap travay pou fè wout New York yo vin pi ansekirite, lè li dekouraje, detekte, ak areste chofè distrè yo.”

Prezidan Asosyasyon Cherif Eta New York, Cherif Konte Herkimer Chris Farber te deklare, “Li pa osi konplike, kondwi mande atansyon konplè, e menm yon ti erè toui piti ka kondwi a yon trajedi. Cherif New York yo ap entansifye efò nou yo pandan mwa Avril la pou edike piblik la sou danje ki genyen nan kondwi distrè ak pou ranfòse lwa sevè eta nou an sou kondwi distrè.”

Margaret E. Ryan, Direktè Egzetif Asosyasyon Chèf LaPolis Eta New York te deklare, “Asosyasyon Chèf lapolis NYS kanpe avèk tout sipò nan efò ajans ranfòsman yo ki pral sible chofè kap voye tèks ak pale nan telefòn pandan yap kondwi vyolasyon pandan semèn long sa avèk yon kanpay ranfòsman ki otman vizib. Makonnen avèk pwogram sansibilizasyon ak edikasyon nou an ki ankou avèk lòt patnè yo sou sekirite sikilasyon, sa ap yon resèt pou siksè pou redwi aksidan initil ak blesi sou otowout nou yo.”

Egzekitif Konte Nassau Mangano te deklare, “Ka distraksyon sou volan ka ogmante regilyèman; e voye tèks pandan yon moun ap kondwi se youn nan distraksyon ki pi alaman paske li retire zye chofè a sou wout la. Operasyon “Rakwoche” gen entansyon pou redwi kondwi distrè grasa ranfòsman agresiv Eta. Sonje okenn mesaj tèks pa vo

pou pèdi lavi w!”

Eta New York entèdi tout chofè yo pou yo pa itilize aparèy elektwonik pòtatif. Aktivite ilegal [gen ladan](#):

- Kenbe yon aparèy elektwonik pòtatif.
- Pale nan yon telefòn mobil pòtab.
- Konpoze, voye, li, aksè, navigasyon, transmèt, anrejistre oswa rekipere done elektwonik tankou imèl, mesaj tèks, oswa sitwèb yo.
- Gade, pran oswa transmèt imaj.
- Jwe jwèt.

Eksepsyon nan lwa gen ladan:

- Lè chofè a itilize yon telefòn mobil ke li pa kenbe avèk men l, sa ki pèmèt itilizatè a kominike san li pa itilize okenn nan men l.
- Itilize yon aparèy elektwonik pòtatif ki apoze yon sifas veyikil.
- Itilize yon aparèy GPS ki atache nan veyikil la.
- Lè rezon apèl la se pou kominike yon ijans bay yon depatman lapolis oswa ponpye, yon lopital oswa klinik yon doktè, oswa yon kò anbilans.
- Lè wap kondwi yon veyikil ijans otorize nan pèfòmans travay ofisyèl.

Nan 2014, lapolis te rapòte 48,000 aksidan nan tout eta ki te [liste](#) “tankou inatansyon chofè / distraksyon” kòm rezon prensipal. Byenke anpil faktè ka distrè chofè yo, mesaj tèks se youn nan [distraksyon ki pi enkyetan](#) paske li egzije atansyon vizyèl, manyèl, ak mantal chofè a. Daprè yon rapò Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik Otowout (NHTSA), distrè pandan de oswa plis segonn ap double risk yon aksidan oswa preske aksidan. Toutfwa, senk segonn se mwayèn tan zye yon chofè soti sou wout la pandan lap tèks; lè wap vwayaje nan vitès 55 kilomèt pa èdtan, sa se ase tan pou kouvri longè yon [teren foutbòl avèk zye bande](#).

Finansman pou ajans lapolis yo pou Operasyon Rakwoche ansanm avèk lòt inisyativ te founi pa GTSC, ki bay sibvansyon pou Lapolis Eta New York ak lapolis lokal pou konbat distraksyon sou volan, alkòl sou volan, vitès ak lòt akvitite lapolis sible.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou DMV, [klike la](#). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou GTSC, [klike la](#).

###

Wap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418